



Icirwa  
cerekeye  
kazoza

Igikorane co  
mu mihingo  
yose

Liège 2008  
Paris 2011  
New York 2015

Abakenyezi bahurikiye mw'iterambere kw'isi yoose

## Millennia 2015, akamaro n'uruhara rwayo Eleonora Barbieri Masini Nzero 2010

### Intangamarara

Nkuko vyanditswe aho hejuru, icivugo ca Millennia 2015, kivuga ko umukenyezi afise akamaro n'uruhara runini mw'iterambere ribereye, riharanira kazoza keza ka kiremwa muntu, cane cane k'umukenyezi aho yoba ari hoose. Millennia 2015, yiyeyemeje gukorana n'abakenyezi b'intwari n'ishaka, babana neza n' abantu, bongera barondera kazoza keza mw'iterambere rya benshi.

Millennia 2015 yiphuza yuko umukenyezi ashobora kubana n'abantu benshi, bakora mu nzego nyishi zitandukanye, mu mirimo myinshi, mugabo bakaba bafise intumbero imwe muri kazoza kabo. Ni naco gituma hakenewe amashira hamwe mu bakenyezi bo kw'isi yoose, ashigikiye ivyo gufatana mu nda.

Abakenyezi boose bo muri Millennia 2015, azokwerekana ukugene bafashanije mu bikorwa vya minsi yoose. Muri ico gihe bazokwemeza yuko akenshi, uguhanahana ivyiyumviro, ari igikorwa gikomeye mu bikorwa yoose bisumba sumbana. Biba ku bakorera hamwe, abakorera hafi na hafi mu karere kamwe, canke abari kure na kure. Ivyo bizotuma batera intambwe imbere, kubera bazoba bunguranye ubwenge mu bizoba bibega boose. Iyo isi iva ikagera, babwirizwa gukora nkuko boba bari hafi na hafi.

Abakenyezi bo muri Millennia 2015 bava mu mihingo myinshi, kandi bafise kamere gatandukanye, imigenzo idasa mu mibereho yabo, kandi, iminsi yoose. Umwe wese azoterera abandi mugusigura ico yimariye canke yamariye abandi mu mirimo yari arimwo. Naho bakora ibidasa, amaherezo n'amwe kuko basangiye umugambi umwe wo kwiteza imbere.

N'intumbero nziza kandi n'igikorwa gikomeye mw'isi yose. Yerekana kandi, igatuma abakenyezi babona yuko basangiye vyinshi. Bakongera bakagerageza gutorera inyishu hamwe. Iyo ntumbero lero yerekana ko naho abakenyezi bafise vyinshi bibatandukanya, baguma bagona rimwe muri kazoza kabo.

Millennia 2015 yerekana ko kw'isi yoose nzima, abakenyezi bashobora guhindura ibitari bike, mu kwubaka canke guhindura ibintu vyinshi, kugira kazoza n'imibereho mu bantu, bibe vyiza gusumba ibiriho uno muni.

Eleonora Barbieri Masini  
Nzero 2010.

*Eleonora Barbieri Masini est Professeure émérite, Faculté des Sciences sociale, Université georgiennes, Rome; Membre honoraire du Club of Rome; Membre de la WAAS World Academy of Arts and Sciences; Ancienne présidente de la WFSF (World Futures Studies Federation) (1980-1990); Présidente du Futures Research Committee of the International Sociological Association (1978-1997); Coordinatrice du Network WIN (Women's International Network) Emergency and Solidarity, parrainé par l'UNESCO (1986-2005); Consultante pour plusieurs organisations intergouvernementales telles que la United Nations University, l'UNESCO et l'UNDP; Membre de la Finland Futures Academy; Membre du Comité de pilotage de Millennia 2015. ([www.millennia2015.org/Eleonora\\_Masini](http://www.millennia2015.org/Eleonora_Masini)).*

Traduction: Rosette Nyamuyenzi (Bujumbura) and Larissa Iracanye (Namur)